

**PERJUWANGANE WANITA SAJRONE NOVEL SANJA SANGU TREBELA
ANGGITANE PENI
(TINGINGAN FEMINISME)**

Rissanda Yunida Mihargandini, Prof. Dr. Darni, M. Hum

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

arief.rissa13@gmail.com

Abstrak

Novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni yaiku salah sawijine wujud karya sastra Jawa Modern. Novel *Sanja Sngu Trebela* nggambarake perjuwangane wanita Jawa kanggo nggayuh hak-hak kanthi adhil minangka wanita. Pramila novel *Sanja Sangu Trebela* angitane Peni kang bakal digunakake minangka objek panliten. Perjuwangane paraga utama wanita sajrone novel kasebut uga bakal diandharake dening panliten kanthi nggunakake tingingan feminisme.

Underane panliten iki yaiku (1) kepriye citrane wanita Jawa sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni; (2) kepriye wujud tumindak ora adhil sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni; (3) kepriye perjuwangan kang digambarake paraga utama wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Selaras karo underane panliten dimangerteni tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake citrane wanita Jawa sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni; (2) ngandharake wujud tumindak ora adhil sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni; (3) ngandharake perjuwangan kang digambarake paraga utama utama sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo mangerteni sawernane wujud tumindak ora adhil kang disandhang dening paraga utama wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*, sarta nemokake wujud perjuwangane paraga utama wanita.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten yaiku arupa novel *Sanja Sangu Trebela*. Dhatane panliten yaiku gegambaran panguripan wanita Jawa kang arupa ukara sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*. Tata cara nglumpukake dhata kasebut digunakake teknik kapustakan. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata digunakake metodhe deskriptif analisis kanthi tingingan feminisme.

Asile panliten iki diperang dhedhasar underane panliten. Sepisan, ngenani citrane wanita Jawa. Citrane wanita Jawa kang digambarake sajrone novel yaiku tradhisi jejodhoan, kurange pendhhdhikan, wanita makarya, wanita kuwat, lan wanita kuwasa. Kapindho, yaiku ngenani tumindak diskriminasi tumrap wanita. Tumindak diskriminasi sajrone novel diperang dadi loro yaiku *kekerasan* lan *penelantaran*. Pungkasan, yaiku ngenani perjuwangane paraga utama. Perjuwangan paraga utama diperang dadi loro yaiku perjuwangan kanggo mungkasi dis kriminasi lan perjuwangan dadi wanita intelektual.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Wanita Jawa ing satengahe masyarakat kanthi umum asring sinebut minangka “kanca wingking”. Unen-unen “kanca wingking” kang ditujokake tumrap wanita kasebut nuduhake kalungguhane wanita kang mapan ana ing pawon lan minangka penjangkep dening priya. Saliyane “kanca wingking” wanita yaiku *sosok* kang nduweni rong panyudut pandhang (Sugihastuti, 2010:32). Rong panyudut pandhang mau yaiku wanita minangka kaendahan lan wanita kaanggep ora nduweni daya

Para wanita kang nduweni kaendahan bisa nuwuhake saperangan pamawas kang beda ngenani

panguripane wanita ing satengahe masyarakat. Pamawas kasebut uga cundhuk karo andharane Fajri (2012:1) yen kaendahan wanita ing satengahe masyarakat nuwuhake maneka warna pamawas tuladhane yaiku kayata bab kang ana gegayutane karo hak, peran, lan kalungguhane wanita isih kurang digatekake. Saengga njalari tuwuhe maneka warna wujud rasa ora adhil, *eksploitasi*, lan tekanan sosial tumrap wanita.

Akeh wanita nampa rasa kurang adhil ing panguripane. Rasa kurang adhil tumrap wanita mau ing struktur sosial diperang dadi loro, yaiku bab ekonomi lan bab politik. Rasa kurang adhil kasebut njurung wanita kanggo merjuwangake rasa adhil kang layak kanggo panguripane. Perjuwangan dibutuhake sajrone urip ing bebrayan kanggo

merjuwangake bab-bab kang layak kanggo diperjuwangake. Perjuwangan kang ditindakake dening kaum wanita uga kanggo merjuwangake panguripane, kulawargane, lan drajate. Gerakan kang nyengkuyung perjuwangane wanita kasebut bisa diwastani minangka gerakan feminisme. Kanthi mangkono bisa pikantuk sakabehe hak tumrap wanita. Hak-hak kasebut ing antarane yaiku ing bidhang ekonomi, hukum, sosial, lan politik.

Laras karo karya sastra lan pangriptane kasebut, mula objek kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku karya kang pangriptane priya awujud fiksi. Wujud prosa sajrone sastra Jawa modern yaiku cerkak, cerbung, lan novel. Genre novel kasebut kang bakal digunakake minangka objek kajian panliten iki. Novel ngandharake samubarang kanthi bebas, nyuguhake samubarang kanthi luwih akeh, luwih rinci, luwih detail, lan ngemot maneka prakara kang luwih kompleks (Nurgiyantoro, 2007:11). Saengga novel bisa menehi gegambaran kang jelas lan *komprehensif* ngenani perjuwangane wanita.

Novel mligine ing donyane kasusastran Jawa saiki tansaya ngrembaka. Akeh penganggit kang bisa ngasilake novel basa Jawa kanthi tema-tema sosial kang gegayutan karo perkarane wanita. Tuladhane yaiku novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Kang dadi tema sajrone crita iki yaiku ngenani perjuwangane wanita. Ing kene Peni nyoba mbusak pandumuk negatif ngenani wanita. Kaya kang diandharake dening Darni (2007:566) ngenani Suparto Brata yaiku wanita kalungguhake ora mung minangka paraga utama wae. Kang luwih wigati, panjenengane wis nglungguhake wanita minangka paraga-paraga kang bisa mandhiri, ndarbeni kelantipan, lelabuhan, lan drajat kang murwat ing madyaning bebrayan. Pratelan kasebut kabukten saka paraga-paraga kang ana ing saben crita.

Novele *Sanja Sangu Trebela* (sabanjure katulis SST) anggitane Peni nyritakake ngenani emansipasine paraga utama wanita kang kepengin nggayuh kekeparepan minangka wanita mandhiri lan merjuwangake hak-hake. Novel SST iki narik kawigaten yen diwawas saka kahanane paraga utama wanitane. Lelakone kacritakake kanthi tuwuhe maneka prakara kang kompleks, lan ditambahi aspek-aspek feminisme mligine pamawase pangripta ngenani wanita. Prakara ngenani paraga utama wanita ing novel SST iki katon onjo banget, mligine bab perjuwangane kang tansah digatekake dening panulis.

Paraga utama wanita kang dadi punjere crita yaiku Sri Danarti. Sri Danarti yaiku kenya kang isih ngugemi budaya Jawa. Bab kasebut disengkuyung dening kulawargane minangka

kulawarga keturunan ningrat. Sri Danarti minangka Kenya keturunan ningrat, nanging dheweke ora mesti dadi wanita tradhisional. Gegambaran iki cetha nalika Sri Danarti nulak anane nikah peksa utawa jejodhoan antarane Danar lan priya pilihane ibune kang aran Mas Narsa, nanging dheweke luwih milih priya kang ditresnani yaiku Rakhmanu. Tumindake Sri Danarti iki sejatine tumuju ing perjuwangan, amarga dheweke nduweni pepinginan yen wanita nduweni hak kanggo milih jodhone dhewe. Saliyane kuwi kang nuduhake tumindak ora adil tumrap wanita kayata nalika Sri Danarti ngandhut anake saka Rakhmanu lan kepengin Rakhmanu tanggung jawab lan nyaguhi janjine bakal menikahi dheweke. Nyatane, Rakhmanu ngapusi lan ora ngakoni yen bayi kang dikandhut Sri Danarti dudu anake lan malah ngreka-ngreka lelakon kang ora pener. Lelakon kasebut kang njalari Sri Danarti nandhang tumindak ora adhil, *penindasan*, lan nuwuhake kahanan kajiwane psikologi Sri Danarti keplantrang-plantrang. Dheweke isin, nanggung wirange kulawarga lan kudu nglakoni uripe dhewe tanpa sapa-sapa. Kejaba kuwi sajrone novel SST uga nggambarake perjuwangane paraga Sri Danarti kanggo mujudake jati dhirine ing satengahe masyarakat yen dheweke bisa dadi wanita kang dikormati, wanita kang nduweni kalungguhan sedrajat karo priya sawise dadi wanita planyahan ing kutha Surabaya.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, lan jalaran novel SST durung nate diteliti mawa tintingan feminisme mula novel iki narik kawigaten kanggo didadekake objek panliten ngenani wanita kanthi tintingan feminisme. Bab wanita kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku sepisan ngenani citrane wanita Jawa, kaping pindho yaiku ngenani prakara kang dicritakake minangka wujud tumindak ora adhil kang disandhang wanita kang jumbuh karo panguripan ing jaman saiki. Banjur kang pungkasan yaiku sosok wanita kang dadi paraga utama sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*. Tujuwan saka ngudhal bab perjuwangane wanita kasebut kanggo mangerteni kaya apa perjuwangane wanita kang digambarake liwat paraga utama kang ana ing novel SST. Mula saka kuwi, panliten iki diwenahi irah-irahan *Perjuwangane Wanita sajrone Novel Sanja Sangu Trebela Anggitane Peni*.

1.1 Underane Panliten

Adhedhasar saka lelandhesane panliten ing ndhuwur mula sajrone panliten iki bisa dirumusake underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye citrane wanita Jawa sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni?
- 2) Kepriye wujud tumindak diskriminasi sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni?

- 3) Kepriye perjuwangan kang digambarake paraga utama wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni*?

1.2 Ancase Panliten

Adhedhasar saka underane panliten ing ndhuwur mula sajrone panliten iki bisa dimangerteni ancase panliten yaiku:

- 1) Ngandharake citrane wanita Jawa sajrone novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni*.
- 2) Ngandharake wujud tumindak diskriminasi sajrone novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni*.
- 3) Ngandharake perjuwangan kang digambarake paraga utama wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni*.

1.3 Paedahe Panliten

Panliten kang ngonceki novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni* kanthi tindingan Feminisme iki nduweni telung paedah kaya mangkene:

1. Paedah Tumrap Bidhang Sastra lan Feminisme
Panliten iki dikarepake bisa ngonceki sejatine bebener kang kinandhut sajrone karya sastra lan mangerteni sejatine gerakan feminisme minangka dudu gerakan kanggo nentang lan nglawan pranata sosial utawa upaya wanita kanggo nentang kodrate, nanging upaya kanggo mujudake hak-hak tumrap wanita.
2. Paedah Tumrap Pamaos
Panliten iki mugya bisa digunakake minangka referensi kanggo nambah kawruh sajrone nлити karya sastra, uga dikarepake bisa menehi pamawas kang luwih amba utawa jembar mligine kang gegayutan karo analisis karya sastra kanthi luwih jeru gayut karo reription sastra Jawa modern kang awujud prosa mligine babagan genre novel, saliyan kuwi pamaos uga bisa mangerteni wujud perjuwangan paraga utama wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela anggitane Peni*.
3. Paedah Tumrap Panliti Liyane
Panliten iki dikarepake bisa mbiyantu panliti sajrone mungkasi masalah-masalah kang diteliti saengga panliten iki bisa nambah wawasan panliti sajrone nintingi karya sastra kanthi nggunakake teori feminisme.

1.4 Wewatesane Tetembungan

Wewatesane tetembungan sajrone panliten iki ing antarane yaiku:

1. Perjuwangan
Perjuwangan yaiku tumindak kang ditindakake dening pawongan kanggo merjuwangake apa kang dadi titik tujuwane (Tirtoprojo, 1982:7).
2. Citrane Wanita

Citrane wanita yaiku gambaran, kesan mental saka dhiri pribadine wanita kang dituwuhake saka tembung, frase, lan ukara minangka unsur dhasar kang mligi ing karya sastra (KBBI, 1996:192).

3. Feminisme

Miturut Ratna (2013:184) ngandharake feminisme minangka gerakan kaum wanita kang nandang *marginalisasi*, *subordinasi*, lan nandang tumindak kang sawenang-wenang dening priya ing sawernane bidhang panguripan kayata politik, ekonomi, lan sosial.

4. Novel

Miturut Nurgiyantoro (2007:10-11) novel yaiku reription sastra kang luwih nengenake samubarang kang bebas lan ngrembag prekara kang luwih kompleks.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Feminisme

Feminisme minangka gerakan kang *terorganisasi* kanggo merjuwangake hak-hak lan kepentinganane wanita kang gegayutan karo prakara konflik kelas lan ras, mligine konflik gender. Konflik gender dhewe digolongake dadi peran privat lan publik. Panggolongan peran privat lan publik dipandang kurang relevan yen dicakake ing masyarakat Jawa, amarga sajrone masyarakat iki wanita wis biyasa karo peran privat lan publik. Bab iki kadadeyan tumrap masyarakat Jawa golongan petani lan pedagang ing ngendi wanita ngopeni balesomah (domestik) sarta melu nggolek nafkah (ekonomi-publik) (Handayani & Novianto, 2004:6-7).

Saka andharan kasebut cundhuk marang pamawase Ratna (sajrone Fitriana, 2014:19), kang ngandharake feminisme kuwi minangka gerakan kaum wanita kang nandang *marginalisasi*, *subordinasi*, lan nandang tumindak kang sawenang-sawenang dening priya ing sawernane bidhang panguripan kayata politik, ekonomi, lan sosial.

Djajanegara (sajrone Darni, 2015:20) uga ngandharake ana telung aspek kang nyengkuyung mijile feminisme, yaiku ajaran agama, sosialis, lan persamaan hak. Aspek sepisanan yaiku ngenani ajaran agama, kagiyatan greja lan prakara-prakara kang gegayutan karo agama minangka siji-sijine kagiyatan ing njaba omah kang paling akeh narik kawigatene para wanita tinimbang priya. Akeh feminis kang melu nyengkuyung sajrone kagiyatan-kagiyatan kang tujuwane mbrantas sipat-sipat ala sajrone masyarakat lan nuwuhake rasa moral, spiritual, lan sosial kang dhuwur antarane warga. Aspek kapindho yaiku ngenani sosialis, aspek iki gegayutan antarane konsep sosialis lan *marxisme*.

Banjur kang kaping telu yaiku ngenani aspek persamaan hak, aspek iki gegayutan karo diskriminasi. Anane diskriminasi tumrap wanita, wanita nuntut anane persamaan hak ing bidhang ekonomi, hukum, sosial, lan politik.

Kang perlu digatekake yaiku yen feminisme ora nganjurake wanita dadi wanita super lan justru ora kepengin wanita mung nggolek harta utawa *gila harta* kanthi ngrendhahna harkate wanita (Darni, 2015:22). Feminisme yen digayutake karo sastra, feminisme minangka teori sastra kang nduweni tujuan kanggo nganalisis karya sastra sarta gegayutan karo resepsi tumrap emansipasi wanita. Gerakan feminis sajrone panliten sastra dianggep minangka gerakan kang mungkasi maneka *eksploitasi* wanita sajrone masyarakat kang kagambar lumantar karya sastra (Fitriana, 2014:22). Maneka panliten nuduhake yen arah perjuwangane feminisme ing Indonesia ora uwal saka kekhasan budaya Jawa. Miturut panliten Darni (sajrone Darni 2015:24), arah perjuwangan wanita kanthi umum yaiku kepengin dadi wanita mandhiri lan wanita utama. Wanita utama yaiku wanita kang isih junjung dhuwur nile-nile luhur budaya Jawa, kayata setya, lan tetep nindakake kwajibane minangka ibu kanggo anak-anake utawa minangka garwa.

Feminisme kang diandharake sajrone panliten iki dudu gerakan kanggo nentang lan nglawan pranata sosial utawa upayane wanita kanggo nentang kodrate, nanging dutujokake kanggo upaya mungkasi tumindak ora adil kang disandhang dening wanita. Kanggo mungkasi sakabehe tumindak ora adil, wanita perlu anane perjuwangan kang dituwuhake saka dhiri pribadine iku dhewe. Kanthi mangkono wanita bisa merjuwangake hak-hak kang samestine kanggo dheweke.

Saliyane wujud perjuwangane wanita, feminisme uga ngandharake ngenani peran wanita. Tembung peran nduweni teges minangka patrap kang diduweni dening pawongan kang nduweni kalungguhan sajrone masyarakat (KBBI, 1999:172). Peran wanita sajrone feminisme diperang dadi loro yaiku peran wanita tradhisional lan peran wanita mandhiri. Peran wanita tradhisional lan peran wanita mandhiri ora bisa uwal saka bab perjuwangan. Wanita bisa dadi wanita mandhiri krana anane perjuwangan saka dhirine, dadi wanita mandhiri uga mbutuhake perjuwangan kang gedhe amarga ora gampang oncat saka donyane wanita tradhisional. Pramila perjuwangan lan peran wanita ora bisa uwal ing babagan feminisme, kamangka bab-bab kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

Perjuwangan

Perjuwangan nduweni teges yaiku usaha kanggo nggayuh apa kang dadi titik tujuwane. Pawongan kang sukses akeh kawujud saka asil perjuwangane dhewe. Sajrone merjuwangake hak-hake, akeh pepalang kang ngalang-ngalangi perjuwangan pawongan kasebut.

Nalika pawongan berjuwang kanggo panguripane, ana saperangan bab sajrone dhiri pawongan kasebut kang nyengkuyung tumindake pawongan kasebut yaiku sinebut *potensi*. Saputri (2011:23), ngandharake yen potensi diperang dadi rong macem yaiku *potensi* apik lan *potensi* ala. Perangan iku mau kang ndadekake perjuwangan manungsa ana loro yaiku:

1. Perjuwangan apik yaiku perjuwangan kang tuwuh saka ati nurani manungsa iku dhewe kang nduweni sipat becik. Perjuwangan apik dudu perjuwangan kang gampang, saengga kudu dimangerteni nganggo akal, etika, lan aturan. Ora nganggo napsu utawa kanggo kepuasan dhirine dhewe.
2. Perjuwangan ala yaiku perjuwangan kang tuwuh saka pangajake ati nurani kanggo nindakake tumindak kang ala. Perjuwangan ala nduweni sipat semu, kang ora dimangerteni miturut logika, etika, lan aturan. Perjuwangan ala iki umume meksa.

Diskriminasi

Diskriminasi miturut KBBI (1991:334) yaiku pembedane tumindak marang warga Negara (adhedhasar warna kulit, golongan, suku, ekonomi, agama, lsp). Dadi diskriminasi bisa ditegesi minangka pembedane tumindake pawongan marang pawongan liya. Pembeda kasebut kang dumadi ingmasyarakat ora liya jalaran saka sistem patriarkhi. Patriarkhi nuwuhake diskriminasi lan dominasi priya tumrap wanita. Diskriminasi kasebut kadadeyan sajrone sawernane bidhang panguripan. Pamawas iki cundhuk karo andharane Darni (2015:1) kang ngandharake akeh wanita kang nandang diskriminasi sajrone masyarakat Jawa. Wanita mung dipandeng minangka objek lan ora diwenahi kalodhangan kanggo melu aktif sajrone masyarakat.

Sawernane tumindak diskriminasi tumrap wanita nglairake tumindak *kekerasan* tumrap wanita. Tumindak *kekerasan* minangka wujud nyata saka anane tumindak diskriminasi. Ollenburger&Moore (2002:229) ngandharake manawa bentuk-bentuk tumindak *kekerasan* tumrap wanita yaiku arupa rudhapeksa, *pelecehan seksual*, *incest* (sesambungan karo anak kandhung), lan pornografi. Tumindak *kekerasan* yaiku sakabehe tumindak verbal lan non verbal dening pawongan tartamtu kang njalari efek negatip tumrap fisik,

emosional, lan psikologi. Tumindak kekerasan sajrone bale somah utawa KDRT arupa tumindak kekerasan tumrap raga, tumindak kekerasan tumrap jiwa utawa psikis, tumindak kekerasan tumrap seksual lan penelantaran.

Tumindak kekerasan tumrap raga yaiku tumindak kang bisa njalari tatu marang wong liya kanthi sengaja. Tumindak kekerasan tumrap raga bisa arupa disadhuk, lan sawernane tumindak kang bisa nuwuhake tatu ing badan utawa fisik. Banjur tumindak kekerasan tumrap jiwa yaiku tumindak kang bisa njalari tuwuhe rasa wedi, utawa tekanan psikis marang wong liya.

Peran Wanita Tradhisional

Wanita tradhisional nduweni peran minangka bojo, ibu, lan wanita kang bisa ngundang sensasi-ne para priya, lan wanita kang gumantung marang priya. Pamawas iki cundhuk marang andharane Ferguson (sajrone Darni, 2007:29), yen wanita tradhisional yaiku wanita kang gumantung marang priya, ora nduweni daya, lan tumindak bisa ndadekake priya mapan ing ndhuwur lan suwalike ngasorake drajate dhewe. Ngrembug ngenani wanita tradhisional umume luwih katujokake marang wanita Jawa. Wanita Jawa iki kang mligine uripe ing karang padesan kang isih kajiret dening sistem budaya Jawa lan adoh saka gaya modernisasi. Sistem-sistem budaya kang lumaku ing padesan umume nuduhake utawa nggambarake wujud dominasi kang luwih ngasorake drajate wanita.

Miturut Darni (2015:27-30), saka kekurangan pihak wanita kasebut, priya menehi sipat-sipat kang ditujokake tumrap wanita kanggo nyenengake hasrate, kayata: sipat gampang nyerah, pasif, penurut, ketergantungan, kurang inisiatif, lan ora mampu nindakake samubarang apa wae. Unen-unen Jawa: *swarga nunut neraka katut, wanita iku minangka kanca wingking* uga nglungguhake wanita minangka wanita tradhisional. Ana unen-unen Jawa kang ngandharake yen pakaryan pawon, lan pakaryan balesomah yaiku pakaryane wong wadon, yaiku *pintera njala langit wong wadon iku tetep ana pawon panggonane*, tegese sadhuwur-dhuwure pendhidhikane wong wadon, panggone tetep ana mburi, ngopeni pawon, lan ngopeni balesomahe

Peran Wanita Mandhiri

Wanita mandhiri yaiku wanita kang nduweni peran minangka wanita makarya, kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe tanpa gumantung marang wong liya. Wanita mandhiri kang kalebu ing gerakan feminis, minangka wanita kang nduweni prinsip kuwat, lan nduweni pepenginan supaya bisa urip luwih mulya. Andharan iki

disengkuyung dening Darni ing bukune *Bahan Ajar Perempuan dalam Kritik Sastra* (2007:31), ngandharake wanita mandhiri yaiku wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe. Salah sawijine dalan kanggo nyukupi kabutuhan mau, mula wanita kudu makarya. Wanita kang nyukupi kabutuhane dhewe kanthi makarya, supaya wanita kasebut bisa luwar saka dominasi ekonomi kang asring disandhang dening wanita. Peran wanita mandhiri cundhuk karo ideologi feminisme. Wanita kang nduweni peran minangka wanita mandhiri ora bisa uwal sawutuhe saka peran-peran minangka wanita tradhisional, amarga isih kuwate daya pangaribawane nile-nile tradhisional. Mula wanita nduweni peran gandha yaiku minangka ibu lan bojo, uga peran minangka wanita karir.

Para wanita mandhiri kang makarya ing njaba omah lan pikantuk upah utawa wanita wirausaha kang nindakake bisnise ing omah lan ing njaba omah, umume nduweni peran gandha. Saliyane nindakake pakaryan ing njaba omah, dheweke uga nindakake pakaryan balesomah minangka ibu kang ngopeni anak lan ngladeni bojone. Kahanan kang kaya mangkono akeh disandhang dening wanita pekerja golongan kelas mangisor, amarga wanita pekerja kelas mangisor umume makarya ana pabrik, buruh, pembantu, lan sapanunggal (Darni, 2015:33).

Andharan ing ndhuwur bisa didudut yen wanita mandhiri yaiku wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe, ora gumantung marang sapa wae. Wanita bisa diarani mandhiri salah sawijining aspek kang nyengkuyung yaiku pendhidhikan kang memadai. Pendhidhikan nduweni peran penting kanggo kemandhirian wanita, saya dhuwure pendhidhikan wanita saya luhur drajate wanita kasebut. Dhuwure tingkat pendhidhikan uga mangaribawani dhuwure pakaryane wanita. Pendhidhikan bisa ngadohake wanita saka sistem patriarkhi lan pepenginan wong tuwa kanggo njodhohake.

Kritik Sastra Feminis

Kritik sastra feminis yaiku dhasar kanggo ngraketake pendhirian yen wanita bisa maca lan nafsirkake sastra minangka wanita (Sugihastuti, 2013:202). Para pengkritik sastra feminis nduweni tujuan penting saka kritik sastra feminis, yaiku pengin mbiyantu supaya pamaos bisa mangerteni, deskripsikake, nafsirkake, sarta menehi nile karya-karya kang diripta dening pangripta.

Showalter (sajrone Darni, 2007:39) ngandharake kritik sastra feminis kaperang dadi rong kategori yaiku *Woman as Reader* lan *Woman as Writer*.

1. *Woman as Reader* (Wanita minangka Pamaos)

Kategori iki nggolongake wanita minangka pamaos saka karya sastra. Ditegesake yen wanita minangka konsumen tumrap karya sastra kang diasilake dening panulis priya.

2. *Woman as Writer* (Wanita minangka Panulis)

Kategori iki nggolongake wanita ora mung minangka pamaos wae. Wanita uga minangka panulis saka karya sastra kasebut lan karya sastrane dinikmati dening kaum priya uga wanita.

Kritik sastra feminis kasebut cundhuk karo panliten iki kang nggunakake sumber dhata yaiku novel kanthi irah-irahan *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Peni minangka panulis priya lan novel *Sanja Sangu Trebela* minangka asil karya sastra reriptane. Kritik sastra feminis iki bakal nintingi ngenani perjuwangane wanita, kang sajrone SST kasebut bakal diandharake ngenani prakara-prakara kang disandhang wanita lan perjuwangane wanita kanggo nggayuh hak-hake ing satengahé masyarakat.

Lelandhesaning Teori

Kanggo nganalisis novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni dibutuhake teori kang trep lan laras karo prakara-prakara kang dituwuhake sajrone novel kasebut. Sajrone panliten iki panliti nggunakake tintingan feminisme. Amarga prakara-prakara kang dituwuhake dening penganggit sajrone novel kasebut nyritakake kahanan paraga utama wanita. Adhedhasar crita novel kasebut, mula panliten iki dipunjerake ing analisis perjuwangane paraga utama wanita. Nanging sadurunge nganalisis perjuwangane wanita panliti luwih dhisik nganalisis kanthi analisis citrane wanita Jawa lan wujud tumindak diskriminasi tumrap wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*. Saka urur-urutan analisis kasebut, panliti banjur ngrembug bab perjuwangane paraga utama wanita kang kalebu wujud perjuwangan kanggo mungkasi diskriminasi sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni kasebut.

METODHE PANLITEN

Ancangane Panliten

Subjek panliten iki yaiku ngenani *Perjuwangane Wanita sajrone Novel Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Panliten iki nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif. Metodhe deskriptif kualitatif tegese yaiku data kang ditintingi lan asil tintingane awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variable (Aminuddin, 1990:15). Panliten kanthi metodhe kualitatif luwih manfaatake cara-cara

penafsiran kanthi nengeneke sajrone wujud deskripsi. Data kang digunakake dudu arupa angka-angka, nanging awujud deskripsi kanthi ngutamakake proses penafsiran panliten marang data kang ana (Ratna, 2013:64).

Sajrone perspektif kritik sastra feminis, metodhe iki minangka gabungan antarane metodhe analisis lan metodhe deskriptif. Metodhe analisis sajrone kajian feminis digunakake kanggo nganalisis data, laras karo prakara-prakara kang gegayutan karo perjuwangane wanita kang ana sajrone novel. Dene metodhe deskriptif digunakake kanggo ndeskripsikake rantaman pristiwa kang kadadeyan sajrone karya sastra (Ekasari, 2008:24). Panliten metodhe deskriptif kanthi mligi nggambarake anane kadadeyan-kadadeyan kang ana, banjur data kasebut digayutake kanthi tetembungan utawa ukara kang di perang-perang miturut jinis tartamtu kanggo ngasilake dudutan. Metodhe kualitatif deskriptif digunakake sajrone panliten iki amrih bisa menehi gegambaran kanthi cetha, kompleks, lan objektif. Kadadeyan kang ana sajrone panliten iki yaiku ngenani perjuwangane wanita sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni.

3.1 Sumber Data lan Data

3.1.1 Sumber Data

Sumber data sajrone panliten iki yaiku novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni kanthi kandhel novel 116 halaman. Novel cap-capan kapisan ing wulan Agustus 1996. Novel iki wutuh ora ringkesan, dudu pethilan, satembung wae ora ana kang kaowahan kabeh mligi seratane Peni. Novel *Sanja Sangu Trebela* kacithak dening PT Citra Jaya Murti, Jln Rungkut Industri 11/18 Surabaya lan kababar dening Yayasan Penerbitan Djojo Bojo, Surabaya.

3.1.2 Data

Data panliten iki yaiku awujud gegambaran panguripane wanita Jawa sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni. Gegambaran panguripane wanita Jawa ing novel kasebut awujud ukara utawa paragraf kang relevan karo underane panliten. Data kasebut nduweni fungsi kanggo luwih *memperdalam* lan *mempertajam* analisis ngenani perjuwangane wanita paraga Sri Danarti sajrone novel.

3.2 Tata Cara Nglumpukake Data

Pangumpulan data minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Asile lan dudutan saka sawijining panliten gumantung marang asil pangumpulan data. Tata cara nglumpukake data dhasare yaiku ngumpulake fakta-fakta empirik kang gegayutan karo prakara-prakara sajrone panliten. Faruk (2012:25), ngandharake yen adhedhasar sumber data panliten kang awujud teks yaiku novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni, kamangka pangumpulan data sajrone panliten iki nggunakake studi kapustakan utawa dokumen.

Miturut Faruk (2012:56-57), teknik studi kapustakan digunakake kanggo nemokake maneka sumber kang gegayutan karo data panliten. Kamangka, teknik studi kapustakan sajrone panliten iki yaiku ngumpulake sakabehe dokumen utawa data arupa cuplikan paragraf kang nuduhake gegambaran panguripane wanita Jawa.

Sabanjure ditindakake teknik waca cathet lan riset kapustakan, yaiku kanthi maca teks utawa literatur kang dadi sumber data banjur menehi tenggeran (garis ngisor utawa warna) marang teks-teks sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* kang dianggep penting lan jumbuh karo tujuwan panliten iki amrih luwih nggampangake proses panliten.

3.3 Instrumen Panliten

Sawijining panliten tansah merlokake instrumen minangka piranti kanggo ngumpulake data. Instrumen panliten sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nindakake lan nintingi panliten iki.

3.4 Tata Cara Pangolahing Data

Tata cara pangolahing data yaiku kagiyatan kang ditindakake sawise panliti nyeleksi data kang selaras karo kriteria kang arep diteliti (Siswanto, 2004:48). Tata cara pangolahing data kang digunakake sajrone nganalisis novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni yaiku nggunakake metodhe deskriptif analisis. Miturut Ratna (2013:53), analisis deskriptif yaiku analisis kang ditindakake kanthi cara ngandharake *fakta-fakta* kang kasil ditemokake, banjur diterusake kanthi nindakake tahap analisis. Kanthi nggunakake analisis deskriptif iki, panliti dirasa bisa njlentrehake kanthi cetha dhata-dhata kang ana gegayutane karo objek panliten kanthi *faktual* lan *akurat* uga sarta kanthi pemahaman kang cukup. Teknik analisis deskriptif digunakake

kanggo njlentrehake prakara-prakara kang mangaribawani ilange hak-hak wanita kang disandhang dening paraga, lan kanthi lumantar wektu paraga nuduhake kepriye dhiri paraga pikantuk hak-hake ing masyarakat.

3.5 Prosedhur Panliten

Panliten iki nduweni tata cara anggone ngrampungake panliten. Panliten iki ditindakake kanthi sawernaning proses kang saben-saben perangane nduweni tahap kang beda-beda. Mula tahapan-tahapan kang kudu ditindakake ing panliten iki ing antarane yaiku:

3.5.1 Tahap Panyiapan

Tahap panyiapan iki mujudake kagiyatan kang ditindakake ing tahap panyiapan utawa wiwitan yaiku kanthi nemtokake objek panliten, nemtokake irah-irahan, studi pustaka, konsultasi marang dosen pembimbing, lan kang pungkasan yaiku nyusun underaning panliten.

3.5.2 Tahap Panglaksanaan

Tahap panglaksanaan minangka tahap kanggo nintingi objek panliten kang gegayutan karo underaning panliten kang wis ditemtokake sadurunge ing tahap panyiapan. Tahap panglaksanaan iki nindakake analisis data tumrap objek panliten kang selaras karo underaning panliten. Gegambaran wujud perjuwangane paraga utama sajrone novel SST banjur diandharake citrane wanita, tumindak diskriminasi kang disandhang wanita, lan perjuwangane paraga utama sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*.

3.5.3 Tahap Panyampurnan

Tahap panyampurnan minangka tahap kang pungkasan. Kagiyatan kang ditindakake ing tahap panyampurnan yaiku panliti nyusun analisis kang arupa laporan akhir yaiku panulisan skripsi. Panyusunan analisis data manut tata carane panulisan skripsi. Urutan panulisan analisis data ing panliten diandharake ing ngisor iki:

Bab I minangka purwakane panliten mula ngandhut sub-sub bab ing antarane yaiku landhesan panliten, underane panliten, ancasa panliten, paedahe panliten, lan wewatesane tetembungan.

Bab II minangka bab kang ngandharake ngenani tintingan kapustakan, mula ing bab iki ngandhut sub-sub bab panliten sadurunge, lan teori-teori kang digunakake karo panliten yaiku feminisme, kritik sastra feminis, lan lelandhesane teori.

Bab III minangka metodhe panliten kang ngemot sub-sub bab ing antarane yaiku ancangan panliten, sumber data lan data, tata cara nglumpukake data, instrumen panliten, tata cara pangolahing data, lan prosedhur panliten.

Bab IV minangka bab kang isine andharan saka asiling panliten kang kaperang dadi telung sub bab miturut underaning panliten. Underane panliten iki yaiku (1) citrane wanita Jawa, (2) tumindak diskriminasi kang disandhang wanita, lan (3) perjuwangane paraga utama ing novel SST anggitane Peni.

Bab V minangka bab kang pungkasan yaiku bab panutup. Ing bab panutup iki isine ngenani dudutan lan pamrayoga saka sakabehing andharan asiling panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Citrane Wanita Jawa ing Novel SST

Citra wanita asring ditegesi minangka sakabehe kang gegayutan karo panguripane wanita. Sajrone sub bab iki, panliten bakal njlentrehake citrane wanita Jawa sajrone novel SST anggitane Peni. Panliten bakal medharake citrane wanita Jawa lumantar paraga utama wanita kang aran Sri Danarti. Saliyane Sri Danarti uga akeh paraga-paraga wanita liyane kang ana sajrone novel SST, nanging paraga-paraga wanita kasebut ora bakal dijlentrehake ing panliten iki. Mung paraga utama Sri Danarti kang kapilih dadi punjer saka objek panliten, amarga paraga Sri Danarti kang luwih asring dikatonake ing saben babak carita lan dadi punjere prakara.

Pamawas ngenani citrane wanita ora bisa uwal saka wanita tradhisional lan wanita mandhiri. Citra wanita tradhisional kang ana ing novel SST yaiku wanita kang isih gumantung marang priya, isih njunjung dhuwur adat utawa tradhisi budaya Jawa kayata jejodhohan, gumantung marang wong tuwa, lan wanita kang dikekang dening wong tuwa.

Tradhisi Jejodhoan

Nenikahan sajrone kulawarga Jawa asipat parental kang nduweni teges mayoritas pernikahan ing kulawarga Jawa diatur dening wong tuwa. Wong tuwa nduweni kuwasa kanggo milih calon jodhone lan nemtokake dina pernikahanane. Tradhisi jejodhoan kang kaya mangkono mung ditindakake dening kulawarga kang isih nganut sistem patriarkhi. Praktek jejodhoan ing kulawarga Jawa iki bisa kalebu wujud saka diskriminasi. Anak wadon ora diwenahi kalodhangan kanggo milih jodhone dhewe lan nemtokake karo sapa dheweke bakal omah-omah.

Ibune Danar kang isih kuwat kepengin njodhohake Danar amarga ibune nyawang saka status sosiale Ndara Mas Narsa kang uga keturunan ratu pada karo drajat kulawargane Danar kang uga keturunan ratu. Saliyane iku, Ndara Mas Narsa uga putra saka bupati lan nduweni pendhidhikan kang dhuwur. Saengga kulawargane Ndara Mas Narsa nduweni kalungguhan kang dhuwur ing masyarakat lan pangarep-arepe ibune, Danar bisa urip seneng, nduweni drajat kang dhuwur, kalungguhan kang dhuwur ing masyarakat sarta ora urip kecingkrangan. Mantep tumindake ibune Danar kanggo njodhohake Danar karo priya pilihane ibune bisa dideleng ana pethikan ing ngisor iki.

“Alah, gene kula rumiyin nggih boten kathik pilah-pilih. Bojo sing madosake nggih bapak-ibu, gene ya jodho.”

“Pun, pendheke mengke genduk kula uruse.”
(Brata, 1996:14)

Andharan iki nuduhake kuwate tradhisi jejodhohan kang wis turun temurun saka jaman biyen nganti jaman modern kang uga isih ana masyarakat kang ngugemi tradhisi kasebut. Tradhisi kasebut kagambar saka pacaturane ibune Danar karo ramane yen ibune Danar biyene uga dijodhohake dening bapak lan ibune banjur kenapa saiki Danar ora oleh dijodhohake, toh masiya ta ora tresna ning jebule ya bisa jodho, pamawase ibune nalika ngomong karo ramane. Ibune Danar nganggep yen jejodhohan iku apik kanggone wong tuwa supaya panguripan anak wadone ora nandang kecingkrangan lan bisa ngangkat drajate wanita.

Kurange Pendhidhikan

Anane diskriminasi uga bisa dideleng saka wanita Jawa. Wanita Jawa mapan ing posisi ter subordinasi, ora bisa uwal saka panyudhut pandhange budaya kang tuwuh lan ngrembaka ing panguripan sosial ing jaman saiki. Salah sawijine tuladha yaiku ing tengah masyarakat Jawa ana istilah ‘kanca wingking’ kanggo menehi panyebutan kanggo bojone. Budaya kang wis tuwuh lan wis ngrembaka ing tengah masyarakat ndadekake kalodhangan kanggo makarya para wanita isih kurang. Wanita mung nduweni tugas ngurus omah lan pawon, ora nduweni kalodhangan kanggo makarya ing bidhang publik. Prakara liya ngenani wanita minangka sisihane priya, yaiku wanita kudu ngabekti marang priya. Kurange pendhidhikan lumantar paraga utama wanita kang kagambar sajrone novel SST bisa dideleng ana pethikan ing ngisor iki.

"Kowe kok betah wiwit lulus sekolah biyen terus nganggur ora nerusake sinau apa-apa?"

"Ah, aku wis prawan diwasa ngene. Ora pantes wong wadon sekolah dhuwur-dhuwur. Apa maneh wis saumurku mengkene." (Brata, 1996:23)

Sunarsa lan Sridanarti genah ngomongake prakara ngenani pendhidhikane wanita lan kalungguhane minangka wanita. Sejatine priya sajrone masyarakat pancen dituntut dadi penguwasa utawa kepala, nanging pamawas kasebut uga ora sakabehe pener. ora mung priya wae kang bisa mapan ana ing ndhuwur, nanging wanita uga bisa mapan ana ing dhuwur. Sri Danarti nduweni panganggep yen wong wadon kang wis diwasa, ora pantes lan ora prelu sekolah dhuwur-dhuwur. Amarga Sri Danarti kaiket dening sistem lan tradhisi kang ngandharake yen kodrate wanita iku mung manggong ana ing ngisore priya lan dipapanake nggeluti ing bab dhomestik kayata: pawon, kasur, lan sumur.

Wanita Makarya

Novel SST saliyane nggambarake ngenani panguripane wanita Jawa, uga nggambarake ngenani wanita mandhiri. Saka perane minangka wanita tradhisional, paraga utama Sri Danarti uga kudu bisa dadi wanita mandhiri. Sri Danarti dituntut dadi wanita mandhiri sawise dheweke oncat saka omah lan diusir dening wong tuwane. Panguripane saiki wis beda karo panguripane Sri Danarti biyen kang isih dadi wanita tradhisional, kang sakabehe gumantung marang wong tuwa lan dikekang dening tradhisi kang isih diugemi dening kulawargane. Saka kahanan kang kaya mangkono, dheweke kudu bisa nyukupi kabutuhane dhewe kanthi makarya. Yen dheweke ora makarya, ora ana kang bakal nyukupi kabutuhane dheweke ing kutha gedhe kuwi. Nalika Sri Danarti kudu dadi wanita makarya sajrone novel SST bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

"Sarana gelang, kalung lan suweng dadi pawitan, Sridanarti putra putrine Bupati Anom ing kutha Mranggen, nyoba dodol sega ing Pacarkeling, Surabaya. (Brata, 1996:55)

Sri Danarti ora nduwe pilihan liya saliyane kudu dodolan sega ing Pacarkeling. Yen ora makarya dheweke ora bakal bisa urip ing kutha gedhe kuwi. Ing Surabaya, dheweke wiwit nyoba nglalekake lelakon kang wis kadadeyan ing kutha Mranggen, kang ndadekake dheweke oncat saka omah lan kudu nglakoni urip dhewe kaya saiki. Sri Danarti bakal miwiti uripe ing kutha Surabaya lan urip mandhiri tanpa gumantung marang sapa-sapa.

Sri Danarti ing kene diduduhake dening Suparto Brata minangka wanita mandhiri, wanita kang nduweni pakaryan masiya ta mung bakul sega. Sri Danarti kalebu wanita mandhiri, amarga dheweke ora isin lan kepengin mbuktekake yen dheweke masiya saka kulawarga kang nduweni pangkat utawa drajat kang dhuwur, nanging dheweke bisa urip mandhiri lan oncat saka tradhisi Jawa kang sadurunge njiret dheweke lan kulawargane kang ora menehi kalodhangan kanggone Sri Danarti tumindak kaya apa sing dikarepake.

Wanita Kuwat

Wanita kuwat kang digambarake dening penganggit ing kene yaiku Sridanarti. Sridanarti masiya ta dheweke dilairake ing kulawarga keturunan ningrat, nanging dheweke nduweni watak kang mandhiri, ora gumantung marang kulawargane kang drajate dhuwur lan nduweni kuwasa. Pamikirane Sridanarti minangka wanita kang nduweni sipat kuwat bisa dideleng ana pethikan data ing ngisor iki.

"Anakku? Oh, ana critane maneh. Nganti tumekane lair dakjaga tenan marang kemurniane jabangbayi. Rekasa iku, Tuwan de Boinville! Aku, wong wadon enom, urip ijen ing madyane masyarakat galak, masyarakat drengki, angel urip murnekake bibit. Nanging merga tresnaku marang dheweke, aku bisa nglakoni mengkono." (Brata, 1996:63)

Sridanarti crita marang Tuwan de Boinville ngenani panguripane lan anake. Dheweke ngrasa rekasa banget uripe ing donya iki, apamaneh dheweke nduweni jabang bayi kang kudu dijaga tenan uripe ing satengahe masyarakat kang galak. Sridanarti nglairake jabang bayi asil saka tresnane dheweke karo Rakhmanu ijen, tanpa pitulungan saka kanjeng rama, ibune, lan tanpa bapake jabang bayi kuwi. Dheweke wong wadon enom, urip ijen ing satengahe masyarakat kang durung dikenal lan samestine dudu papan kang trep kanggo dheweke, mesti rekasa banget kanggo nyambung urip. Sridanarti kabukti dadi sosok wanita kang kuwat lan mandhiri.

Wanita Kuwasa

Wanita sajrone novel SST anggitane Peni digambarae minangka wanita kang nduweni kuwasa. Wanita kang nduweni kuwasa kasebut yaiku paraga utama wanita Raden Ajeng Sridanarti. Sridanarti sajrone novel iki, dadi wanita kang nduweni kuwasa ing kutha Mranggen. Ing ngendi, kutha Mranggen yaiku kutha klairane, kutha kang ndadekake dheweke kelangan sakabehe. Wektu kuwi lelakone wis beda, Raden Ajeng Sridanarti dudu wanita kang kesisih, wanita kang diasorake

drajate, wanita kang pikantuk tumindak kekerasan, nanging saiki Raden Ajeng Sridanarti yaiku wanita kang siji-sijine nduweni kuwasa ing kutha Mranggen. Kahanan kasebut bisa dideleng ing pethikan sajrone novel SST kaya ing ngisor iki.

“Menawi makaten sami kaliyan priyantun-priyantun menika. Kula angsal printah saking pusat, menawi ing dinten menika watawis jam sedasa kedah andher ing setasiun mriki, saperlu mahargya rawuhipun Nyonyah Sridanarti. Wondene rawuhipun menika perlu ngrembak bab-bab kawontenanipun arta ing kas kantor kula,” ujure direktur iku.

“Menawi ngaten pancen sami. Kula inggih mapag putri milyuner Nyonyah Sridanarti. Dene manut suraosipun nota telex menika, Nyonyah Sridanarti menika asal saking Kitha Mranggen mriki, kala nem-nemanipun. Pramila perlu dipunkurmati,” ngendikane Bapak Walikutha kang nalika iku wis dirubung priyayi-priyayi liyane. (Brata, 1996:72-73)

Pethikan crita ing novel kuwi nggambarake kahanan saka panguripane Sridanarti kang wis owah. Panguripane Sridanarti wis ora kaya biyen maneh. Dheweke saiki wis dadi milyuner, wis dadi pawongan kang nomer siji dikurmati ing kutha Mranggen. Masiya ta biyen dheweke pancen saka kulawarga priyayi, putra saka Bupati Anom lan isih keturunan ningrat, nanging sakabehe kuwi wis uwal nalika dheweke oncat saka omah lan diusir dening kanjeng ramane. Panyebutan Raden Ajeng wis ora kanggo maneh. Sakabehe pawongan ngundhang dheweke yaiku Nyonyah de Boinville, garwa saka milyuner Andre de Boinville kang nduweni firma dagang paling gedhe ing Tanah Hindia Walanda kuwi.

Wujud Tumindak Diskriminasi Tumrap Wanita ing Novel SST

Tumindak diskriminasi utawa *marginalisasi* kerep disandhang dening wanita mligine wanita Jawa kang sinebut wanita tradhisional. Anane tumindak diskriminasi tumrap wanita kasebut, banjur nuwuhake sawijine pepinginan kanggo nyelarasake peran lan kalungguhane kaum wanita karo kaum priya. Tumindak diskriminasi tumrap wanita kasebut adhedhasar saka jinis kelamin kang maneka warna. Tumindak diskriminasi kasebut miturut struktur sosial diperang dadi 2, yaiku struktur ekonomi lan politik. Sajrone sakabehe kaendahan kang di duweni wanita kuwi, bisa ndadekake tuwuhe maneka pamawas kang beda-beda ngenani status wanita sajrone masyarakat. Saka segi hak, peran, utawa kalungguhan, wanita

kurang antuk kawigaten, saengga njalari tuwuhe maneka wujud tumindak diskriminasi, *eksplotasi*, lan uga *tekanan sosial*.

Tumindak Kekerasan

Kekerasan bisa dumadi ing ngendi wae, kapan wae, lan dening sapa wae. Kekerasan kanthi umum ditindakake dening priya tumrap wanita. Kekerasan tumrap wanita bisa kadadeyan ing lingkungan kulawarga, masyarakat, utawa papan liyane. Kekerasan ing masyarakat kayata *pelecehan*, *pemukulan*, uga bisa *pembunuhan*. Prakara-prakara kasebut wis dudu prakara khusus maneh ing masyarakat, nanging wis dadi prakara umum.

Tumindak Kekerasan sajrone Kulawarga

Kekerasan kang dumadi sajrone kulawarga asring dadi kawigatene masyarakat lan *lembaga* pamarentah. Kulawarga kang nuwuhake kekerasan kanthi umum dijalari saka faktor ekonomi, sosial, lan budaya (adat) kang nyengkuyung tuwuhe tumindak kasebut. Novel SST sajrone caritane, uga ana kang ngandhut unsur kekerasan. Kekerasan kang ana sajrone novel SST iki salah sijine yaiku kekerasan sajrone kulawarga kang tumiba marang anak. Ing kene, kang dadi punjer prakara sajrone crita yaiku paraga utama wanita Sri Danarti. Saka tumindake Sri Danarti kasebut wiwit tuwuhe prakara-prakara kang njalari anane tumindak kekerasan saka wong tuwane. Tumindake kanjeng rama marang Danar sajrone novel SST bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Nanging dalem kedah sesambetan kaliyan piyambakipun, Pak. Rama! Dalem sampun wawrat...!” suwarane Sridanarti ndhredheg. “Heh!!? Apa?!! Rama lan ibune mbengok bareng.

“Oh, anakku! Anakku! Nistha temen – Oh!” Dalem Kabupaten Anom geger maneh. Raden Ayu Dwijanarpada dhawah kantaka. Kanjeng Dwijanarpada lali buka-wasanane, asta kumlawe nyengkiling keng putra. Sridanarti dhawah krungkep, terus muwun ngguguk. (Brata, 1996:40)

Pethikan kuwi mau nuduhake yen anane tumindak kekerasan sajrone kulawargane Sridanarti. Kanjeng ramane nyengkiling putrane kuwi karo tangane nganti Sridanarti tiba krungkep. Dheweke nangis ngguguk, ora nyangka yen dheweke bakal pikantuk tumindak kekerasan saka kanjeng ramane. Raden Ayu Dwijanarpada uga dhawah kantaka nalika meruhi yen anak wadon siji-sijine wis mawrat karo priya kang ora nduweni pangkat, ora sedrajat karo kulawargane. Rakhmanu kang dadi jurutulis ing kabupaten kuwi bakal dadi mantune.

Penelantaran

Tumindak penelantaran sajrone novel SST anggitane Peni iki dilakoni dening Rakhmanu marang Sridanarti lan calon anake. Penelantaran tumrap paraga wanita Sridanarti kang wis ditindakake dening Rakhmanu sisihane kang wis metengi dheweke, nanging ora tanggung jawab babar pisan karo Sridanarti. Penelantaran kang wis ditindakake Rakhmanu marang Sridanarti iki kalebu tumindak diskriminasi, amarga Rakhmanu luwih milih kenya Liya yaiku Sofiatun. Nalika weruh yen Sridanarti lagi ngandheg, Rakhmanu kudune menikahi Sridanarti, tanggungjawab, menehi *perlindungan* lan menehi nafkah tumrap Sridanarti lan calon anake. Nanging kanyatane beda, Rakhmanu tega ninggalake Sridanarti, ora gelem menikahi Sridanarti lan malah dheweke ora ngakoni yen jabang bayi kang dikandhut Sridanarti dudu anake. Rakhmanu nglakoni tumindak kasebut krana hasutan Sofiatun. Sofiatun ngrencanakake lelakon kasebut supaya bisa sesandhingan karo Rakhmanu. Hasutan Sofiatun supaya Rakhmanu gelem nikahi dheweke bisa katilik saka pethikan ing ngisor iki.

"Mas,"

"Apa, Dhik?"

"Apa wujud klilip iku? Yen pancen panjenengan ora seneng nglakoni, keno apa ora disingkirake wae?"

Rakhmanu ora bisa mangsuli. Mung gedheg-gedheg judheg.

"Panjenengan kagungan selir, iya, ta, Mas?"

"Eh?! Selir? Heh, dudu! dudu. Ora, dudu selir," wangsulane Rakhmanu groyok. Gugup.

"Ora perlu gugup, Mas. Yen mung prekara wong wadon wae, keno diberesi sarana dhuwit, angger penggalih panjenengan mantep. Tegese mantep nulak wong wadon mau, Lan ngersakake urip jejodhowan karo aku." Wiwitane suwarane grag-grag, wasanane mantep. (Brata, 1996:33)

Paraga kang aran Sofiatun nduweni kekarepan arepe nyingkirake wong wadon kang dadi klilipe Rakhmanu kuwi supaya dheweke bisa dhapak karo Rakhmanu. Klilip kasebut kang ndadekake Rakhmanu nampik, ora bisa kawin karo Sofiatun. Sofiatun yaiku nakndulure Rakhmanu, dheweke putra siji-sijine saka Mangunpranata wong sugih ing kutha Mranggen. Bapake gerah ora bisa ngapa-ngapa mung kembang baying ing peturon. Bapake kepengin yen Sofiatun dedhaupan karo Rakhmanu sadurunge dheweke tilar donya. Pepenginane Bapake Sofiatun kuwi kang ndadekake Sofiatun wani tumindak apa wae kanggo

dhedhaupan karo Rakhmanu, masiya ta kudu nyingkirake wong wadon liya.

Perjuwangane Paraga Utama

Perjuwangan wanita ing jaman modern iki nduweni peran kang wigati banget sajrone sawernane bidhang usaha. Wanita uga nduweni peran kanggo nguripi kulawargane saliyan priya. Andharan kasebut disengkuyung dening pamawase Saputri (2011:23) kang ngandharake yen perjuwangan yaiku usaha kanggo nggayuh apa kang dadi titik tujuwane. Pawongan kang sukses akeh kawujud saka asil perjuwangane dhewe. Sajrone merjuwangake hak-hake, akeh pepalang kang ngalang-ngalangi perjuwangan pawongan kasebut.

Perjuwangan Kanggo Mungkasi Diskriminasi

Perjuwangan wanita kanggo pikantuk keadilan ing kene penganggit digambarake lumantar paraga utama wanita Sridanarti. Sridanarti minangka wanita kang sasuwene iki nandang tumindak ora adil kang ditindakake dening Rakhmanu paraga priya. Saka rasa ora adhil kang dirasakake Sridanarti sasuwene iki dheweke nduweni tekad kanggo merjuwangake apa kang samesthine dadi dhuweke. Sridanarti wanita kang ora gampang nyerah, dheweke bakal tetep merjuwangake apa kang dadi pepenginane. Uripe Sridanarti wis kebak tatu, mula dheweke ora kepengin terus-terusan dadi wanita keplantrang-plantrang, kang nriman nasib wae. Sridanarti nyoba tangi saka asore drajate dadi wanita pelanyahan lan nyoba mbusak citra negatip tumrap dheweke. Sasuwene iki dheweke rekasa urip dhewe ing Kutha gedhe, mapan ing donyane masyarakat kang paling asor. Perjuwangane paraga Sridanarti kanggo pikantuk keadilan ing kutha Mranggen bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

"Elo, aku mrengs ora mung arep ngrungokake pelapuran pakurmatan thok," ngendikane Sang Putri, nunggak krama. Katon sigrake.

"Lajeng, prekawis menapa ingkang dipunkersakaken lumadi samangke?"

"Prekawis kenya ngandheg ingkang nyuwun tanggungjawabipun tiyang jaler ingkang sampun kumawantun mbandrek-jinah kaliyan kenya menika wau. Rak saged ta, ingkang makaten menika dipunsidhangaken, mbokbilih lare estri menika mboten trimah?" sabda ngendikane Nyonya Milyuner. Canthas, trengginas! Nanging wis ora nunggak krama maneh, rada lilih penggalih. "Inggih, saged. Pancen sampun samesthinipun tiyang estri ing negari kita menika angsal pangayomanipun undhang-undhang negari." (Brata, 1996:83-84)

Nyonya Milyuner Sridanarti sanja menyang kutha Mranggen, yaiku kutha ing ngendi dheweke pikantuk tumindak ora adil, pikantuk tumindak kang ngasorake drajate lan tumindak kang ndadekake panguripane kebak kanisthan. Ing kutha Mranggen saya dadi seksi bisu lelakon kang wis direka-direka kadadeyane kasebut nganti seprene durung pikantuk keadilan. Mula saiki, Sridanarti bakal merjuwangake hak-hak dhirine kanggo pikantuk keadilan kang samesthine dheweke pikolehi ing taun-taun kepungkur. Sridanarti weruh yen keadilan bakal mihak dheweke saiki, nalika dheweke wis dadi wong wadon Milyuner, wong wadon kang nomer siji dikormati ing kutha Mranggen, wong wadon kang nduweni kuwasa sajrone panguripane kutha Mranggen. Kabeh padha kurmat karo dheweke, lan nyaguhi apa wae sing dikarepake Nyonyah Milyuner kuwi.

Perjuwangan Dadi Wanita Intelektual

Perjuwangan paraga utama kang digambarake dening penganggit sajrone novel SST yaiku kalebu perjuwangan dumadi wanita intelektual. Perjuwangan kasebut luwih ngatonake utawa nengenake ngenani babagan cara nemtokake pilihan urip mandhiri kang bisa ngangkat drajate wanita sejajar karo priya. Ing kene, perjuwangan digunakake dening wanita kang kepengin owah saka stereotip wanita Jawa kang asipat tradhisional. Wanita-wanita kasebut nduweni pamikiran kang amba, saengga ora kepengin dadi wanita kang terus-terusan dadi objeke priya lan sinebut kanca wingking.

Perjuwangane wanita miturut Beauvoir (2003:32) diperang dadi 3 strategi kang bisa ditindakake dening wanita yaiku: sepisan, wanita kudu nduweni pakaryan. Wanita kang nduweni pakaryan kaanggep bisa nemtokake nasibe dhewe. Kapindho, yaiku wanita prelu dadi intelektual. Banjur kang katelu, yaiku wanita kudu nduweni wilayah sesrawungan kang amba (sosialis). perjuwangane Sridanarti dumadi wanita intelektual bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

“Andre de Boinville ora dora. Dheweke ora mung bisa ngangkat drajate wong wadon palanyahan Danarti, nanging uga mulyakake wong ayu temon saka omah jobong iku. Lan Sridanarti, trahe saka becik, ora ninggal lanjarane. Cedhak Andre, dheweke ora mung males kebecikan, nanging uga sinau urip kuwat nganggo cara-cara wong Prancis iku. dheweke ora mung pinter basa Prancis, nanging uga pinter mretikelake cara-cara kang prayoga kanggo uripe wong loro. Kanthi mengkono, Andre ora sinau bab persil

kopi lan karet, nanging uga dipercaya keluargane sing ana ing Prancis, ngedegake firma dagang gedhen-gedhenan ing Tanah Hindiah Walanda.

Sanja menyang Mranggen diolor-olor. Nanging kerep wae Danarti mituturi Andre de Boinville dikon investasi pawitan ing Mranggen. Ora mung pabrik gula wae, saiki Kutha Mranggen thukul uga pabrik kaos lan sandhang kang gedhe, dadi papan panguripane wong sa-Kutha Mranggen. Dene pabrik-pabrik mau sing nduweni firmame Andre de Boinville. (Brata, 1996:67-68)

Sridanarti sasuwene iki minangka wanita kang kalebu jinis wanita tradhisional. Sakabehe panguripane diatur dening wong tuwane kang nduweni kalungguhan lan drajat kang dhuwur ing masyarakat. Sridanarti pancen putra saka Bupati Anom ing kutha Mranggen, anak wadon-wadon sijine saka kulawarga keturunan ningrat kasebut. Kulawarga kang dikormati ing kutha Mranggen kasebut ora bisa njamin panguripane Sridanarti kebak eseman kang mratandhani urip bagya, nanging malah ndadekake Sridanarti minangka bocah wadon kang keke kang ora pikantuk kabebasan lan kalodhangan kanggo nemtokake jati dhirine. Prakara kasebut disengkuyung dening lelakon kang diperanake dening priya kang ditresnani. Nanging priya kasebut mblenjani janjine lan malah ngasorake drajate saengga ndadekake dheweke oncat saka ndalem kabupaten lan kutha Mranggen.

PANUTUP Dudutan

Saka asile tintingan novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni bisa didudut manawa wanita digambarake minangka *sosok Liyan* kang merjuwangake hak-hake kanggo nggayuh panguripane kang layak. Perjuwangan kang digambarake dening penganggit yaiku perjuwangan paraga utama wanita kang aran Sridanarti marang tradhisi, sosial, ekonomi, politik, lan drajat wanita kang dumadi ing masyarakat. Perjuwangane Sridanarti kang kalebu tradhisi kayata nglawan tradhisi jejodhoan kang isih dumadi sajrone kulawarga Jawa. Sridanarti dijodhohake dening wong tuwane karo priya kang aran Ndara Mas Narsa. Dheweke nulak jejodhoan kuwi krana dheweke rumangsa minangka wanita kang wis ora jamane maneh kayadene siti nurbaya lan dheweke

nduweni priya pilihane dhewe kang aran Rakhmanu.

Perjuwangane paraga utama kang digambarake dening penganggit sajrone novel *Sanja Sangu Trebela* yaiku wujud perjuwangan kanggo mungkasi diskriminasi lan perjuwangan dadi wanita intelektual. Perjuwangan paraga utama kanggo mungkasi diskriminasi minangka wujud saka gerakan feminisme kang digunakake kanggo mbela hak-hak lan drajat wanita kang samentine dipikolehi dening wanita. Saka perjuwangane wanita lumantar paraga Sridanarti kasebut ngasilake asil kang ndadekake Sridanarti kasebut antuk keadilan.

Perjuwangane paraga Sridanarti dadi wanita intelektual kang digambarake dening penganggit dipangaribawani dening paraga liya lan uga tuwuh saka dhirine wanita iku dhewe. Dorongan utawa pangaribawa saka paraga liya kang aran Andre kang kepengin ngangkat drajate Sridanarti saka omah jobong kuwi lan kepengin ndadekake dheweke minangka bojone. Banjur dorongan saka dhirine dhewe yaiku rasa pepenginane kanggo owah saka ke Liyanan lan stereotip negatif kang disandhang tumuju wanita bebas kang intelektual. Saliyane kuwi, perjuwangan kanggo pikantuk keadilan uga digambarake kanthi cetha lumantar paraga Sridanarti kang nduweni hak pikantuk keadilan lan nuntut tanggungjawab saka priya kang wis bandrek jinah karo dheweke nganti ngandhut jabang bayi asil saka hubungan kasebut. Kamangka Sridanarti nuntut tanggungjawab saka priya kang aran Rakhmanu kang wis tega nelantarake lan ora ngakoni jabang bayine.

Perjuwangane Sridanarti ora mung nganti semunu wae, dheweke uga merjuwangake kanggo dumadi wanita intelektual. Nalika dheweke dadi wanita intelektual, dheweke bisa dijunjung dhuwur drajate ing masyarakat. Bisa nduweni kalungguhan kang dhuwur uga. Kamangka dheweke kudu bisa ngowahi dhirine kang asale saka donya kanisthan, donyane wong kang asor dhewe ing masyarakat. Dhuwure rasa pepenginane kasebut Sridanarti bisa dadi wanita intelektual kanthi perjuwangan kang gedhe.

Asil tintingan sajrone novel *Sanja Sangu Trebela*, penganggit nggambarake paraga utama wanita kalebu citrane wanita tradhisional lan wanita mandhiri. wanita bisa sinebut wanita mandhiri

nalika dheweke bisa owah saka stereotip wanita tradhisional kang dipangaribawani saka sistem patriarkhi. Sistem patriarkhi kang isih dumadi ing kulawarga Jawa menehi wewatesan tumrap wanita anggane bab jejodhoan lan pendhidhikan. Wewatesan kasebut kang njalari wanita mapan ing sektor dhomeistik lan anane ketimpangan gender kang ndadekake wanita asring diremehake, lan nandang tumindak ora adil. Perjuwangane wanita kanggo mungkasi stereotip lan owah saka budaya patriarkhi kasebut ana telung perangan miturut Beauvoir (sajrone Ollenburger & Moore, 2002:32) yaiku sepisan, wanita kudu nduweni pakaryan. Kapindho, wanita perlu dadi intelektual. Katelu, wanita kudu nduweni wilayah sesrawungan kang amba (*sosialis*). Feminisme kang kagambar sajrone novel iki mligi feminisme kang asipat emansipasi, kang nuntut anane persamaan gender saengga antarane priya lan wanita bisa dipandheng sajajar.

Pamrayoga

Novel *Sanja Sangu Trebela* anggitane Peni minangka salah sawijine reriptan fiksi kang ngandhut pitutur kang becik tumrap pamaos. Panliten iki diajab bisa kanggo patuladhan tumrap wanita ing jaman saiki supaya bisa mandhiri lan ora gumantung marang priya lan wong tuwa. Patuladhan kang bisa diconto tumrape wanita ing jaman saiki yaiku wanita kudu nduweni rasa kapercayan marang dhiri pribadherine. Saka kapercayan kang diduweni mau, wanita bisa nggayuh eksistensine kanggo urip mulya lan ora gumantung marang priya.

Panliten iki uga diajab bisa kanggo nguri-uri kasusastran Jawa kang dirasa isih kurang antuk kawigaten dening masyarakat Jawa. Sajrone panliten iki uga isih akeh kekurangan-kekurangane, mula panliti nyuwun pamrayoga saka para pamaos amrih sampurnane panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh Malang (YA3 Malang).
- Aryanti, Desti Dwi. 2015. *Eksistensi Perempuan Dalam Novel Amba Karya Laksmi Pamuntjak: Analisis Feminis Eksistensial Beauvoir*.

- (online) (<http://etd.repository.ugm.ac.id>, diakses pada 7 November 2015).
- Beauvoir, Simone de. 2003. *Second Sex: Kehidupan Perempuan*. (terj-). Pustaka Prometheus.
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Unesa University Press.
- Djajanegara, Soenarjati. 2000. *Kritik Sastra Feminis Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Ekasari, Aprilia Nur. 2008. Skripsi: *Citra Perempuan Jawa Dalam Novel Sarung Jagung Karya Trinil*. Surabaya: FBS, Unesa.
- Fajri, Mohammad Shodiq. 2012. Skripsi: *Kalungguhane Paraga Wanita ing Novel Cintrong Paju-Pat Anggitane Suparto Brata*. Surabaya: FBS, Unesa.
- Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: PustakaPelajar.
- Fitriana, Tya Resta. 2014. Skripsi: *Diskriminasi Tumprap Wanita Sajrone Novel Suminar Anggitane Tiwiek S.A: Tintingan Feminisme*. Surabaya: FBS, Unesa.
- Gamble, Sarah. 2010. *Pengantar Memahami Feminisme dan Postfeminisme*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Handayani, Christina. S & Novianto, Ardhian. 2004. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta: PT LKiS Pelangi Aksara.
- Kurniawati, Elok. 2012. Skripsi: *Citrane Wanita Ing Novel Pawestri Tanpa Idhenti Anggitane Suparto Brata*. Surabaya: FBS, Unesa.
- Lukithodedi, David. 2014. Skripsi: *Perempuan Dalam Novel Daun Putri Malu Karya Magdalena Sitorus (Kajian Feminisme Liberal Mary Wollstonecraft)*. Surabaya: FBS, Unesa.
- Majid, Syahrini. 2015. *Perwujudan Semangat Feminisme Dalam Sejumlah Tokoh Film "Mona Lisa Smile" Kajian Feminis Eksistensialisme Simone De Beauvoir*. (online) (<http://etd.repository.ugm.ac.id>, diakses pada 7 November 2015).
- Nurgiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurulbaitirohmah. 2013. *Suparto Brata*. (online). (https://id.m.wikipedia.org/wiki/suparto_brata, diakses pada 7 November 2015).
- Phierda. 2012. *Budaya Patriarki Dalam Pendidikan Gender Di Masyarakat*. (online). (<https://phierda.wordpress.com>, diakses pada 7 November 2015).
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Siswantoro. 2004. *Metode Penelitian Sastra Analisis Psikologi*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Sugihastuti. 2013. *Bianglala Perempuan dalam Sastra*. Yogyakarta: A. Com Advertising Yogyakarta.